



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 14 jen 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$3,4 MILYON POU PÈMÈT FANMI KI GEN FÈB REVNI JWENN MANJE KI BON POU LASANTE NAN MACHE AGRIKÒL NAN TOUT ETA A

New York Ap Jere Pi Gwo Pwogram Kalite sa nan Peyi a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a \$3,4 milyon pou ede Fanm, Bebe ak Timoun ki nan fanmi fèb revni (WIC) jwenn plis manje lokal ki bon pou lasante nan mache agrikòl nan tout eta a. Finansman an pral bay plis pase 215.000 fanmi nan eta a fasilite pou jwenn manje ki bon pou lasante nan 470 mache agrikòl. Fanmi WIC ka jwenn chèk Farmers' Market Nutrition Program (FMNP) nan klinik WIC lokal yo. New York Ap Jere Pi Gwo Pwogram Kalite sa nan Peyi a

“Mache agrikòl ede ponpe lajan tounen nan ekonomi lokal pandan y ap ankouraje Nouyòkè sipòte agrikilti lokal epi fè pwomosyon manje ki bon pou lasante,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pwogram WIC la konekte fanmi ki gen fèb revni ak manje lokal, fre, bon mache nan mache agrikòl nan kominote yo. Non sèlman pwogram sa ede Nouyòkè manje bi byen ak sa ki bon pou sante yo, li ogmante baz kliyantèl la pou fèm lokal nou yo epi fè pwomosyon pwodi lokal New York.”

Livrè chèk FMNP ap disponib pou fanmi WIC nan mwa Jen, Jiyè, Out ak Septanm. Chak livrè gen 6 chèk ki gen yon valè nominal \$4,00 chak (yon total \$24 antou pou chak sezon). Kliyan WIC dwe gen yon revni egal ouben pi ba 185 pousan sèy povrete federal la, ki depann de kantite moun ki gen nan kay la. Pou yo kalifye pou WIC, fanmi dwe genyen nan fwaye a timoun ki gen pi piti pase senkan. Yon fanmi ap kalifye tou si manman an ansent ouben nouris.

Chèk yo ap sèvi pou achte fri ak legim fre lokal kay fèm yo kap patisipe nan mache agrikòl kominote ki chwazi yo. Fanmi WIC kapab itilize chèk sa yo jiska 30 novanm.

Nan anpil mache nan zòn lan, fèm yo ki patisipe nan FMNP a se gwo pwodiktè fri ak legim ki ra. FMNP a fasilite echanj ant fèm yo ak fanmi WIC pandan l ap ankouraje fanmi WIC eseye fri ak legim yo gen dwa pa ka vann otherwise.

Fèm yo k ap patisipe yo dwe pwodi omwen mwatye nan sa y ap vann nan mache yo epi atik fèm yo achte pou revann fèt pou se pwodi lokal. Fèm yo ka touche ouben depoze chèk FMNP yo tankou nenpòt lòt chèk.

Haitian Creole

Manm Komisyon Agrikilti Eta a, Darrel J. Aubertine te di konsa, “Mache agrikòl stimile ekonomi lokal epi founi Nouyòkè yon kote pou achte manje fre lakay yo. Nou kontan Gouvene Cuomo te jwenn finansman sa pou sipote mache ak agrikilti lokal sa yo, pandan l ap bay fanmi New York ki gen feb revni yon opotinit pou y achte kek nan pi bon pwodi agrikol nan peyi a.”

Manm Komisyon Sante Eta New York, Nirav R. Shah, M.D., M.P.H. te di konsa, “Manje yo ki ofri atravè WIC a se gwo sous nitriman, ki souvan manke nan rejim fanm ak timoun piti. Nou felisite Gouvènè Cuomo dèske li pèmèt benefisyè WIC jwenn plis manje fre ki soti nan fèm pandan l ap ranfòse koneksyon ant kliyan ak fèmye New York nan tout eta a.”

Michael Hurwitz, Direktè GrowNYC’s Greenmarket te di konsa, “Se yon pwogram san parèy, ki se yon viktwa pou tout moun, kap pote revni enpòtan nan kominote upstate pandan l ap pemet fanm ki gen, fiti paran ak timoun ki gen ti revni jwenn plis manje ki bon pou lasante.”

Se Depatman Agrikilti ak Mache k ap jere WIC/FMNP ansanm ak Depatman Sante Eta New York ak Cornell Cooperative Extension.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram WIC la, tanpri rele 1-800-522-5006. Pou jwenn yon klinik WIC tou pre ou, tanpri ale sou: www.health.ny.gov/prevention/nutrition/wic/local_agencies.htm.

Pou jwenn yon lis mache agrikòl k ap patisipe, tanpri ale sou www.agriculture.ny.gov.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418